

Tanpri mete enfòmasyon elèv la ajou sou sit entènèt : www.bostonpublicschools.org/contact

Si sa pa posib, tanpri ranpli tout fòmilyè sa a. FÒMILÈ YO ak DISPANS YO ki sou paj sa a se DOKIMAN LEGAL ke yo ye. Paran yo ak elèv yo dwe ranpli chak seksyon lèfini siyen yo, jan nou egzije sa a, epi remèt yo bay lekòl pitit ou an pa pi ta ke 30 SEPTANM 2022.

ELÈV LEKÒL SEGONDÈ : Si w pa vle non w divilge bay rekritè militè ak/oswa rekritè inivèsite (kolèj), ou dwe verifye e siyen dispans ki nan paj suivan an. Paran w pa bezwen siyen seksyon sa a.

Mèsi!

Non Elèv la _____ Dat nesans li (dat li te fèt) _____

Non Lekòl la _____ Klas li _____ Sal de klas prensipal li ("Homeroom") _____

Adrès _____ Apatman # _____ Kòd Postal _____

Non Paran an/Gadyen Responsab la _____ Dat nesans Paran an/Gadyen Responsab la _____

Telefòn li : Lakay _____ Selilè _____ Travay _____

Imel _____

Lang prensipal pou BPS kominike avèk fanmi an _____

Non Paran an/Gadyen Responsab la _____ Dat nesans Paran an/Gadyen Responsab la _____

Telefòn li : Lakay _____ Selilè _____ Travay _____

Imel _____

Lang prensipal pou BPS kominike avèk fanmi an _____

Si nou pa kapab rantre an kontak avèk yon paran pandan yon ka ijans, osinon pandan yon ka maladi, tanpri ekri non de (2) adilt responsab nou kapab kontkate:

Non / Nimewo Telefòn (lajounen oswa selilè) _____ Sa l ye pou elèv la _____

Non / Nimewo Telefòn (lajounen oswa selilè) _____ Sa l ye pou elèv la _____

Èske genyen kèk lòt pwoblèm lekòl la dwe okouran sou yo? Si repons lan se wi, ban nou kèk esplikasyon: _____

- 1 Nou revize Gid Lekòl Piblik Boston an pou Fanmi ak Elèv la sou entènèt (bostonpublicschools.org/familyguide) oswa fòm enprime a ak Regleman Entèn Lekòl yo pou lokal kote pitit mwen an al lekòl la.
- 2 Nou konprann ke Gid la genyen ladan l kèk enfòmasyon sou patenarya ant lakay ak lekòl, Regleman sou Pasaj Elèv yo Al nan Klas Siperyè, prezans lekòl, Kòd Konduit la, egzijans konsènan lojman Boston, regleman yo sou jan elèv yo itilize entènèt, lwa konsènan diskriminasyon, dosye elèv, kòman pou yo pran swen e remèt liv matyè yo ak liv bibliyotèk yo, ak kèk lòt règ ak regleman lekòl toujou.
- 3 Nou konprann ke Komite Konsèy Lekòl la apwouve Regleman Entèn Lekòl yo yo, e ke elèv ki vyole yo ka pèdi kèk privilèj.
- 4 Nou dakò pou n travay avèk pèsònèl lekòl yo pou asire ke pitit mwen prezan lekòl chak jou (sof pou kèk absans jistifye) epi asire ke l fini devwa lakay li.
- 5 Nou li rezime Kòd Konduit la . Nou diskite Kòd Konduit la. Nou dakò pou n travay avèk pèsònèl lekòl yo pou asire ke pitit mwen an suiv Kòd Konduit la.

Siyati Paran an _____ Dat _____

Siyati Elèv la _____ Dat _____

Fanmi Militè yo:

- Tanpri make si elèv sa a se (1) pitit manm aktif nan sèvis ki pote inifòm yo (militè), Gad Nasyonal, ak militè an Rezèv ki aktif nan pòs yo, osinon (2) pitit manm oswa veteran, yo voye tounen nan lavi sivil pou rezon medikal oswa ki pran retrèt.

Divilgasyon Enfòmasyon Bay Rekritè Militè ak Rekritè Edikasyon Siperyè

Distri lekòl piblik yo dwe divilge non, adrès, ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè yo ("high school" yo) bay rekritè militè Etazini yo ak rekritè edukasyon siperyè yo. Elèv la OSWA paran an genyen dwa pou l mande alekri pou yo PA divilge enfòmasyon sa a. Si ke w PA vle enfòmasyon sa a divilge, tanpri make yon kare osinon toude kare yo epi siyen anba a :

- PA divilge enfòmasyon bay REKRITÈ MILITÈ yo.
- PA divilge enfòmasyon bay REKRITÈ EDIKASYON SIPERYÈ yo..

Siyati _____ Dat la _____

Paran an OSWA Elèv (ki gen laj 14 an oswa ki nan klas nevyèm ane)

Divilgasyon Enfòmasyon Bay Lekòl Charter yo

Jan lalwa egzije sa dapre Lwa Refòm nan Edikasyon nan Massachusetts "Massachusetts Education Reform Law", distri lekòl piblik yo dwe bay lekòl "charter" yo non ak adrès elèv yo pou rezon rekritman. Si ke w PA vle enfòmasyon sa a divilge, tanpri make kare a epi siyen anba a :

- PA divilge enfòmasyon bay LEKÒL CHARTER yo.

Siyati _____ Dat la _____

Paran OSWA Elèv (18 an oubyen pi gran)

Divilgasyon Enfòmasyon Anyè Elèv la

Distri a ka divilge "enfòmasyon anyè" san pèmasyon alekri davans amwenske ou make kare ki anba a pou endike ke ou pa vle enfòmasyon an divilge. Enfòmasyon anyè a se enfòmasyon ki pa nòmalman konsidere kòm enfòmasyon ki fè tò a pesòn moun ni vyole lavi prive okenn moun si toutfw yo ta divilge. Objektif prensipal li se pèmèt distri a enkli kalite enfòmasyon sa yo nan kèk piblikasyon, tankou yon liv souvni, bilten, pwogram teyat, oswa lis elèv ki fè gwo nòt (ki loreya). Enfòmasyon anyè a genyen ladan l : non elèv la, laj li, klas li oswa nivo klas li, ak dat li enskri.

Distri a ka divilge enfòmasyon anyè a selon kèk sikonstans limite, amwenske w ta endike sa otreman. Distri a rezève dwa pou l refize bay okenn enfòmasyon si distri a kwè ke sa ta nan meyè enterè elèv nou yo. Sepandan, distri a ka divilge enfòmasyon si lalwa ta egzije sa.

Tanpri make kare a anba a si ke w pa ta renmen distri a divilge enfòmasyon elèv ou a ki nan anyè a.

- Mwen pa vle enfòmasyon anyè pitit mwen an divilge. Nan chwazi m chwazi opsyon sa a, sa montre ke m konprann ke non ak foto pitit mwen PAP nan liv souvni, bilten, pwogram, ni okenn lòt piblikasyon distri a ak lekòl la. Enfòmasyon anyè a yo PAP divilge bay okenn lòt òganizasyon asosye ki ka founi kèk sèvis bay elèv yo.

Siyati _____ Dat la _____

Paran an OSWA Elèv (ki gen laj 14 an oswa ki nan klas nevyèm ane)

Aparisyon nan Medya

- Mwen bay Lekòl Piblik Boston pèmisyon pou l anrejistre, filme, fè foto, fè entèvyou, oswa piblikman montre, distribye, oswa pibliye an fòm enprimri ak medya elektwonik : non, aparans, pawòl ak travay pitit mwen fi/pitit gason mwen pandan ane skolè 2021-2022 a, kit se te manm pèsònèl, elèv, oswa nenpòt lòt moun andeyò lekòl la, ki antreprann yo, medya yo enkli. Mwen dakò ke Lekòl Piblik Boston ka pataje, osinon pèmèt lòt moun pataje yo, san limitasyon ni rekonpans. Mwen wete tout chay sou do lekòl pitit mwen ansanm ak pèsònèl Lekòl Piblik Boston yo kont nenpòt plent ki ta ka soulve osijè aparans oswa patisipasyon pitit mwen nan travay sa yo.
- Mwen PA bay pèmisyon pou non, aparans, pawòl pale ak travay pitit mwen parèt nan medya, jan sa dekri anlè a.

Siyati _____

Dat la _____

Paran an OSWA Elèv (ki gen laj 18 an oswa ki pi gran ke sa)

Regleman sou Itilizasyon Akseptab Teknoloji, ki Enkli Entènèt

- Antanke paran oswa gadyen responsab elèv sa a, mwen li Regleman Itilizasyon Akseptab la epi mwen diskite li avèk pitit mwen an. Mwen konprann ke Lekòl Piblik Boston founi aksè òdinatè pou objektif edikasyonèl an amoni avèk bi akademik Lekòl Piblik Boston yo, e ke li pa apwopriye pou elèv yo itilize yo pou okenn lòt objektif. Mwen rekonèt ke li enposib pou Lekòl Piblik Boston mete restriksyon sou tout materyèl ki ka koze kontwovès, epi mwen p ap rann lekòl la responsab pou materyèl moun akèri atravè rezo entènèt lekòl la. Mwen konprann ke aktivite òdinatè timoun yo lakay yo dwe sipèvize, kòm sa kab afekte anviwònman akademik yo lekòl la. Ensi donk mwen bay pèmisyon pou pitit mwen sèvi ak resous òdinatè yo nan Lekòl Piblik Boston yo.
- Mwen PA bay pèmisyon pou pitit mwen sèvi ak resous òdinatè yo, pami yo : Google Apps pou Edikasyon, nan Lekòl Piblik Boston yo.

Siyati Paran an _____

Dat la _____

ELÈV YO DWE SIYEN DEKLARASYON ANBA A KONSÈNAN ITILIZASYON TEKNOLOJI YO :

Antanke yon elèv Lekòl Piblik Boston, mwen konprann ke itilizasyon rezo ak imel lekòl la se yon privilèj, pa yon dwa. Mwen konprann ke kont rezo ak imel lekòl mwen yo se pwopriete Lekòl Piblik Boston e ke yo pa prive. Lekòl Piblik Boston genyen dwa pou l genyen aksè a enfòmasyon mwen a nenpòt ki lè. Mwen konprann ke administratè Lekòl Piblik Boston yo va deside ki jan de konduit ki pa apwopriye si ke genyen kèk konduit ki pa lonmen aklè nan akò sa a. Mwen va sèvi ak teknoloji yo nan yon fason ki konfòm a lwa Etazini yo ak lwa Commonwealth (eta) Massachusetts yo. Mwen konprann ke mwen dwe avèti yon adilt tousuit si ke mwen jwenn materyèl ki vyole itilizasyon apwopriye resous yo.

Mwen konprann e mwen va kowopere ak Regleman sou Itilizasyon Apwopriye a. Mwen va sèvi ak resous teknoloji yo nan yon fason ki apwopriye e responsab pou objektif ki anrapò ak lekòl. Mwen p ap itilize okenn resous teknoloji nan yon fason ki ta deranje aktivite lòt itilizatè yo. Mwen konprann ke konsekans yo pou aksyon mwen yo ka genyen ladan yo : pèt posib privilèj teknoloji ak/oswa kèk aksyon disiplinè, jan sa a deklare nan Kòd Konduit la ak/oswa ministè piblik la anba lwa eta yo ak lwa federal yo..

Siyati Elèv la (laj 5 an ak sila yo ki pi gran ke sa) _____

Dat la _____

Boston Saves (pou klas jadendanfan K2, klas 1ye ak 2yèm ane)

"Boston Saves" se yon pwogram kont ekonomik pou timoun ke Vil Boston (EDIC) dirije pou ede fanmi Lekòl Piblik Boston yo sere kòb pou lavni pitit yo, apati jadendanfan K2, nan fason l founi chak elèv elijib avèk yon kont ekonomi ki vin ak 50\$ pou kolèj (inivèsite) oswa pou fòmasyon pwofesyonèl. Patipasyon fanmi yo nan pwogram nan pèmèt yo jwenn plis lajan pou kont pitit yo. Pou w aprann plis sou sa ak pou w verifiye elijibilite w, ale sou sit entènèt : bostonsavesca.org.

Si w pa vle patisipe nan "Boston Saves", tanpri chwazi pou w pa patisipe pou w endike ke ou pa pèmèt Lekòl Piblik Boston pataje enfòmasyon suivan yo avèk manm pèsònèl pwogram "Boston Saves" yo : non elèv la, dat nesans li (dat li te fèt), nimewo idantifikasyon etidyan inik elèv la (SASID), non lekòl li, klas l ap fè a ak enfòmasyon kontak paran li (gadyen legal li).

- Mwen pa vle patisipe..

Evalyasyon Sante (Tès Depistaj)

Kòm pati dosye sante lekòl chak elèv, Lekòl Piblik Boston (BPS) fè kèk tès depistaj - eta a egzije. Nou evalye wotè, pwa, posti (fason chita/kanpe), vizyon, ak tande elèv yo, detanzantan, apati klas jadendanfan K1 jiska klas 10yèm ane.

Make kare anba a epi siyen si ke ou PA vle Lekòl Piblik Boston fè tès depistaj sa yo sou pitit ou

- Mwen PA vle bay pèmision pou Lekòl Piblik Boston fè tès depistaj sou pitit mwen pou mezire wotè l, pwa l, chita l/kanpe l, vizyon l, ak tande l.

Siyati Paran an _____

Dat la _____

Tout distri lekòl Massachusetts yo ap oblije fè yon depistaj prevansyon kont abi dwòg pou elèv klas 7yèm ak 10yèm ane. Zouti tès depistaj la rele pwotokòl Depistaj, Entèvansyon Brèf, ak Referans pou Tretman - "Screening, Brief Intervention, and Referral to Treatment (SBIRT)". Pwotokòl SBIRT la rann yon konvèsasyon patikilye fasil ant chak elèv ak yon enfimyè oswa yon konseye lekòl nan yon efò pou fè prevansyon kont kòmansman itilizasyon kèk sibstans (dwòg) ki danjre, tankou alkòl oswa mariwana, oudimwens ralanti itilizasyon sibstans sa yo. Pwogram sa konsantre sou ranfòsman desizyon ki bon pou sante epi abòde enkyetid konsènan konpòtman ki anrapò ak abi sibstans (dwòg) avèk objektif pou amelyore sante, sekirite, ak sikès lekòl. Make kare anba a epi siyen si ke ou PA vle Lekòl Piblik Boston fè tès depistaj sou pitit ou an.

- Mwen PA bay pèmision pou Lekòl Piblik Boston fè tès depistaj sou pitit mwen an pou egzamine l pou itilizasyon sibstans dwòg (SBIRT).

Siyati Paran an _____

Dat la _____

Enfòmasyon Medikal Enpòtan

Mwen konprann pwosedi ke lekòl la va suiv si ke pitit mwen an bezwen tretman medikal oubyen si l ap pran medikaman pandan ke l lekòl. Mwen konprann ke l enpòtan anpil pou lekòl la kapab rantre an kontak avè m nan ka ke ta genyen yon ijans medikal.

Si ke atansyon medikal ta nesese epi nou pa kapab rantre an kontak avè w, èske w otorize pèsònèl lekòl yo pou yo chèche jwenn tretman medikal ? WI NON

Founisè Asirans lan : BCBS Tufts HPHC Medicaid Masshealth Lòt _____

Asirans _____

Non Doktè a _____ Nimewo Telefòn _____

Lopital/Sant Sante kote w mennen pitit ou si l ta tonbe malad : _____

Adrès _____ Nimewo Telefòn _____

Èske pitit ou an genyen okenn pwoblèm sante ke enfimyè lekòl la dwe konnen ? Tanpri ansèkle: AZMA (OPRESYON), DYABÈT (SIK), ANEMI FALSIFÒM (TRÈ A/MALADI A) ALÈJI KI KA MET LAVI LI AN DANJE, LI PRAN MANJE NAN TIB ("G-TUBE"), ANGWAZ, DEPRESYON. Tanpri dekri nenpòt lòt pwoblèm sante : _____

Èske pitit ou a pran okenn medikaman chak jou ? WI NON Si repons la se wi, tanpri deklare sa anba a.

Èske pitit ou a pran medikaman "lè l genyen bezwen pou sa" lakay oswa lekòl ? WI NON Si repons la se wi, tanpri deklare sa anba a. _____

Tout elèv k ap pran nenpòt kalite medikaman pandan l lekòl dwe prezante lòd yon doktè ki genyen siyati yon paran/gadyen responsab sou li, epi l dwe bay enfimyè a medikaman an nan boutèy famasi a te bay la ak tout etikèt famasi a sou li.

Non medikaman an (yo) _____ Lè (yo) pou l pran l: _____

Alèji : Manje _____ Medikaman _____ Latèks _____ Mòde (Pikan) Myèl _____

Pwoblèm vizyon ou okouran? WI NON Linèt toutan Kèk fwa Pou ki aktivite? _____

Pwoblèm tande ou okouran? WI NON Aparèy pou tande/Pwotèz: WI NON

Èske timoun nan te janm fè operasyon chirijikal, èske l te janm malad, oswa te janm blese nan ane ki sot pase a ? Si repons la se wi, bay yon ti esplikasyon _____

Èske yo te dyagnostike timoun nan avèk yon blesi oswa yon chòk nan tèt pandan ane ki sot pase a ? Si repons la se wi, tanpri bay kèk esplikasyon : _____

Siyati Paran an _____

Dat la _____